




Jaden Botanik “Abdul Gasazi” (The Garden of Abdul Gasazi)

Sis fwa Matmwazèl Hester mòde Eunice kouzin li. Lè li resevwa yon **envitasyon** pou li ale vizite Eunice se pat yon sipriz, kat la make tanpri kite chen w lakay w. Konsa lè Jou a rive, matmwazèl Hester mande Alan voye je sou chen l lan ki rele Fritz. Alan anpeche Fritz manje mèb yo tout matine a. Finalman, chen an fatigue li tonbe dòmi, konsa Alan fè yon ti kabicha. Men anvan chen an pran chapo l, li sere anba chemiz li paske chapo se youn nan bagay Fritz renmen manje anpil.

Aprè inè de tan, Alan reveye paske chen an te mòde li nan nen li. Chen an te pare pou li ale fè yon ti mache. Etan y ap mache ansanm yo te vin dekouvri yon ti pon pentire an blan, Alan decide pou li kite Fritz traverse wout la. A yon ti distans deyè pon an te gen yon ansèy ki make “ABSOLIMAN PA, CHEN PA GEN DWA ANTRE NAN JADEN SA A.” Siyen: *ABDUL GASAZI, MAJISYEN RETRETE*. Dèyè siy sa a te gen yon mi ki te gen yon pòt ki debouche sou yon jaden. Alan te pran ansèy la trè oserye. Li decide retounen, etan Alan fè yon ti vire tèt li, Fritz redi sou kòd la, li kase l epi l kouri antre nan jaden an.





Alan kouri dèyè Fritz men l pa ka kenbe l. Fritz tonbe jape e kouri pi vit. Alan te pè ke li pa t janmè wè chen an ankò. Li vin kònmanse wè anprent pye chen an, e li swiv mak pye yo ki vin debouche sou yon forè. Apre sa, Alan jwenn yon gwo kay. Se te kay Abdul Gasazi. Kè Alan ta p bat fò, lè li rive devan yon gwo pòt la. Li pran fòs li e respire. Anvan menm li te mete men li sou sonnèt la, gwo pòt la te louvri. Alan vin tonbe bab pou bab ak yon gwo mesye: Mesye Gasazi.

Alan swiv mesye a ki envite l antre. Alan di mesye a li regrèt anpil Fritz antre nan jaden l lan. Alan mande mesye a pou li remèt li chen an tanpri. Majisyen an repond byen janti ak yon souri sou lèw li e di wi li ka remèt li Fritz. Mesye Gasazi di Alan swiv li nan lakou an.

Yo tap mache kòt a kòt, toudenkou Mesye Gasazi kanpe devan yon makòn kana. Li kòmanse pale ak yon ton grav “Mwen deteste chen . Yo detwi plant mwen, yo fouye twou nan lakou a, yo manje tout sa yo jwenn. Ou ta renmen konnen sa mwen fè ak chen lè mwen jwenn yo nan jaden m?”

“Kisa ou fè yo?” Alan mande ak yon laperèz pou l tann repons la. “Mwen fè yo tounen kana.” Alan gade pakèt kana yo e lè youn nan kana pwoche pre Alan Mesye Gsazi di Alan sa se Fritz. Alan sipliyè majisyen an pou li fè Fritz tounen yon chen ankò. Mesye Gasazi di li “enposib,”






Ak lapenn Alan pran kana a epi l tounen lakay li. Men avan l rive lwen, van pran chapo l voye l ale. Kana a chape sot anba bra Alan, li pran chapo a ak bèk li epi l vole ale nan syèl! Angiz kana a desann, li kontinye ap vole pi wo jiska ke li disparèt nan niaj yo. Alan kanpe ap gade e di “bay bay”. Alan chèche wout kay li e ap panse ak ki sa li pral di madmwazèl Hester lè li rive.

Madmwazèl Hester ouvri pòt la e Alan pa t ka kenbe dlo nan zye li, li kouri ale nan kwizin la e Alan te wè yon sipriz. Madmwazèl Hester esplike Alan mesye Gasazi tap pran plezi l avè l. Fritz t ap jwe devan an nan jaden an lè mwen te retounen. Fritz gen lè jwenn wout lakay li. Madmwazèl Hester di Alan se pa vre pèsòn pa ka fè chen tounen kana. Majisyen an tap fè w panse ke kana a te Fritz. Alan santi l tankou yon **enbesil** e li promèt tèt li, pèsonn pap pran li nan pièj sa a ankò. Lè Alan fin ale, madmwazèl Hester jwenn Fritz k ap manje chapo Alan nan.



Alan



Madmwazel Hester



Abdul Gasazi

Aktivite

Mwen konprann tèks la.

1. Kijan ou ka dekri santiman Matmwazèl Hester vizavi Fritz?
2. Eske Alan te pran djob li oserye ? Eksplike kijan ou fè konn sa.
3. Baze sou premye paragraf la eske Alan te gen kontwòl sou Fritz?
4. Poukisa otè itilize lèt majiskil nan sign la?
5. Eske Alan te dwe ale dèyè Fritz?
6. Kijan otè a kreye yon sispans nan dènye paragraf la?
7. Kisa ki fè Alan te kwè Mesye Gasazi te kaptire Fritz?
8. Ki detay otè itilize pou montre Mesye Gasazi misterye e yon mesye pou pè?
9. Poukisa kana ki pran chapo Alan la se yon detay enpòtan?
10. Poukisa Alan te kwè Fritz te ale pou tout bon?
11. Ki endis otè bay pou eksplike ke Matmwazèl Hester p at fache kont Alan?
12. Ki lòt non ou ta bay Alan olye de enbesil?
13. Ki konklisyon ou ka tire de dènye fraz la?

An nou reflechi sou tèks la

1. Kijan ou ka dekri pèsonalite Abdul Gasazi? Itilize detay nan istwa pou fè pase pwen de vi ou.
2. Kijan ou panse Fritz, chen an fini pa gen chapo Alan nan?
3. Ki pwoblèm sentral ki gen nan istwa a? itilize detay nan istwa pou sipòte repons ou a .
4. Kisa Mesye Gasazi di li fè chen lè yo rantre nan jaden li?
5. Site non pèsonej yo nan istwa a? Ki kote istwa sa a t ap pase?
6. Otè dekri Fritz pa gen bòn manyè. Ki detay nan istwa a ki sipòte plent sa a?
7. Èske ou panse Alan ap janm retounen nan jaden Abdul Asazi a? Èske ou menm ou ta ale si yo te pa w yon chans? Eksplike repons ou bay la?
8. Konpare "Dragon" nan "*Raising Dragons*" ak *Abdul Gasazi jaden*

Developman Langaj

Di elèv yo, yo pral fè yon pwomnad. Enimere tout sa yo va wè pandan y ap mache. Fè yon lis sa elèv yo di. Ede yo nan pwononsyasyon ak kijan yo eple mo yo.

Gramè

Montre elèv yo yon kalandrye pou etabli ide tan pase ak tan fiti. Pale de ki jou Jodi a ye. E yo pral pale de sa yo fè yè. Fè yo konnen nou itilize **te, tap** devan vèb la.

Menm pwosede pou tan fiti. Eksplike elèv yo fiti vle di demen oubyen yon lòt lè ki pako rive. Fè yo konnen nou itilize **ta, pral oswa prale, ka oswa kab** devan vèb la.

Ekriti (Kapitalizasyon, Ponktyasyon ak Gimè)

Montre elèv yo sa yo rele gimè nan istwa a. Fè yo wè kijan yo itilize lèt majiskil.

Ekri yon journal: Ala yon jounen Alan pase!

Anvan ou kòmanse ekri, panse osijè kijan Alan santi li ak jounen li pase ak Fritz la. Fè yon lis evenman yo. Kòmanse journal la ak jou e dat.